Хъущт Аслъэнбэч XXIX Олимп Джэгухэм щытокIуэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИIЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№159 (21.317) ● 2008 гъэм шыщхьэIум (августым) и 15, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президентыр чемпионым йохъуэхъу

Олимп Джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэч ящэ ехъуэхъуахэм ящыщ КъэбэрдеI-БалъкъэР Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

ДИ БЭНАКIУЭ гъуэзэджэм телефонкIэ щепсалъэм республикэм и Iэтащхьэм жиIащ: «Дэ ди фIэщ хъурт финалым уэрыщытекIуэнри, ди гуГъапIэр бгъэпэжащ. Дэтхэнэ напIэзыпIэми псори еныгъэ, инэ,ыкIэ мытынщу екIуэкIа зэпеуэм уэ уи хъэрхуэрэгъуэм нэрылъагъуэ уефIэкIащ. ЕгуГъуныгъэ, Iэзагъ, ерыщагъ хэпIъхъэри, Урысейм и командэ къыхэхауэ Пекин щекIуэкI Олимп зэхьэзэхуэм кIуам ещанэ дыщэ медалыр къахуэпхащ, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ ди республикэм и тхыдэм а саугъэт лъапIэр щыетIуанэщ. Гукъинэжу, гъэщIэгъуэну Олимп зэхьэзэхуэм зэрызыкъыщыбгъэлъэГъуар уэ уи щхьэкIэ уи ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыпхьыну, уэри, уи анэми, уи Іыхьлыхэми узыншагъэрэ насыпрэ фIиIну».

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ атлетикэ хьэпIэмкIэ Аккаев Хьэмурати щыщхьэIум и 17-м апхуэдэ дыдэу екIуу инкIи ехъулIэныгъэ иIэу зыкъыгъэлъэГъэну, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам абым медаль къыхуихыну зэрыщыгугъыр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапэм и лэжьакIуэ.

АФIЭУНЭ Аслъэн:

Зы дакъикъи щэч къытесхьакъым

КъБР-м Спортымкlэ и къэрал комитетым и унафэщI АфIэунэ Аслъэн кьыззыджIамкIэ, зы дакъикъи щэч къытрихьакъым Хъущт Аслъэнбэч Олимпиадэм и саугъэт нэхъ лъапIэр кьыззрихьынум.

- ИЛЬЭС ныкъуэм кьриубыдэу,- жеIэ АфIэунэм, - ар Европэм и чемпион хъущ, дунейпсо кубокыр кьихьащ, Поддубнэм и фэепльу кьыззрагъэпэщ дунейпсо зэпеуэм щытекIуащ, Олимпиадэм и пэкIэ Испаниемкlэ щекIуэкIа зэпеуэм пашэ щыхъуащ. Абы кьикIрэщи, щыху зэщIэкъуауэ, и мурадым хуэлэжьэфу зэрыщытым кьыпэкIуащ а екъулIэныгъэхэр, армыхьумэ «и насып кьихьащ» зыхужаIэу зи пхъэ умыщIэхъэу кьикIкIэм ящыщкъым. Аслъэнбэч тхуэрэ бэнати, зы очко нэгъуэщIым иритакъым. Хъущт дуней псом щыпэ нэхъ лъэщу жьпIэну, адыгэ лъэпкъыр, Урысейр зэрыщыту абы щхьэкIэ дыгуашхуэну Iэмал кьыдитащи, ефIэкIуэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр иджыри куэдрэ игъэIуну си гуапэщ.

Зытхыжар
ШИРДИЙ Маринэщ.

Анэм и гуфIэгъуэ

Адыдж-урым бэнэкIэмкIэ дыщэ медалыр XXIX Олимп Джэгухэм кьыщыхьа адыгэ щIалэ Хъущт Аслъэнбэч и текIуэныгъэм игъэгуфIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэзэ, Іыхьлэнуэ абы щыгуфIыкIащ а щIалэр зыщыщ Джылахьстэней куейр. Хъущтым и лъахэгъу щIалэгъуалэм джэгушхуэхэр щащIащ Тэрч кьалэ и ут нэхъ инхэми, Шэнхабзэмкlэ унэм и гупэми, адыгэ ныпхэр яIуГъу, машинэхэр ягъэвуэ уэрамхэм кьыщажьхьащ, хьыбарыфIыр зэбграхьу, гуфIэгъуэр псоми лъагъэIэсу.

ХЭТ СЫТ хуэдизу мыгуфIами, анэм и гум щыщIам хуэдэ зыхэзыщIа зэрахэмытыр хьэжыщ. Республикэр зэрыгушхуэн текIуэныгъэ кьэзыхьа и щIалэм папщIэ псалъэ зыбжанэкIэ кьыддэгуэшэну зыщыхуэдгъаэзм, **Хъущ Татьянэ** кьыджIащ мы махуэ зыбжанэм хуабжьу зэрыпIейтеяр, Аслъэнбэч и ныкъуэкъуэгъум зэрытекIуам, дыщэ дамыгъэ кьыззэрихьам щыгуфIыкIыщэу, кьызэрызэфIэнар. Телефонкlэ кьэпсалъэу и къуэм и макъ щыхьэхихым, «Гджы псори хьарзынэщ! Умыгуэавэ, ди анэ!» - кьыщыжриIэм, и гур мамыр дэхьужащи, хъуэхъуакIуэ-гуфIакIуэ кьыхуэкIуэхэм яIоущIэ, нэщхьыфIагъыр и нэгум кьрех.

- Республикэ псор зыгъэгуфIа, кьэралым и текIуэныгъэ «чысэм» дыщэ дамыгъэ кьыхэзылъхьа уи щIалэр сыт хуэдэ хьэл-щэн нэхьыщхьэ а текIуэныгъэм хуэзышар, уэ узэрепIымкIэ? - упщIэм и жэуапу Татьянэ жиIащ:

- Аслъэнбэч сыт щыгъуи тэмакъыхьщ, зэпIэзэрытщ, бэшэчащ, ауэ, гу лъымытэнкIэ Іэмал имыIэу, зэрыцIыкIуэр зы хьэлыфI иIэщ - жэуаплIныгъэр ину зыхещIэ, дзыхь кьыхуащIар и кIэм нимыгъэсыну Іэмал иIэкьым. Арауэ кьыщIэкIынщ апхуэдизу цIыку зыпэплъа инкIи зыщыгуфIыкIа дыщэ медалыр зыIэригъэхьфыным щхьэусыгъуэ нэхьыщхьэ хуэхъуар.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Афэрым, ди пелуан щIалэ!

XXIX Олимп Джэгухэр щекIуэкI Китайм и къалащхьэ Пекин къикIыу гуфIэгъуэ хъыбар дыгъуасэ къыпIэрыхьащ. Дыльэтэным хуэдэу республикэм и цIыхухэр дыкъызэщIэзыIэта дэрэжэгъуэр кьыдэзытар адыгэ щIалэ, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европэм и чемпион, дунейм цIэрыIуэ щызыщIа нэгъуэщI екъулIэныгъэ куэдзиIэ Хъущт Аслъэнбэчщ. Абы Олимп Джэгухэм дыщэ медаль къыщихьащ!

ОЛИМП зэIущIэхэр зэрекIуэкIам я гугъу тщIынщи, ящэ кьежьэкIыгъуэм Хъущтым зэпеуэр кьысфIихьащ. Къэзахъстаным и бэнакIуэ Мамбетов Ассет. Ди щIалэр абыефIэкIащ 10:0-у. КьыкlэлъэкIуэ зэIущIэмэ Аслъэнбэч и хьэрхуэрэгъум гугъущэ дехьакъым. Бжьгъэр 8:0-у абы хигъэщIащ Италием и спортсмен Тиомончини Диогоро.

Ещанэ кьежьэкIыгъуэм адыгэ щIалэр хуэзащ Литвам и лIыкIуэ Зэерскис Миндаугас. Абыи Іэмал лъэпкъ иритакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэм икIи 3:0-у текIуэу хьэрхуэрэгъум бэнэн щигъэтащ. Абы кьыхэкIыу судьяхэм Аслъэнбэч очкоибгъу кьратащ.

Финалым и Іыхьэ ныкъуэм ди щIалэм кьыпэщIэтащ Чехием и бэнакIуэ Швец Марек, ауэ абы игъэдзыхакъым ди лъахэгъур. Уеблэмэ, зэхьэзэхуэр зэрырагъажьэрэ дахьикъэр ныкъуэрэ нэхъыбэ дэмыкIауэ Аслъэнбэч и ныкъуэкъуэгъур кьабзэу тридзащ.

Финалым Хъущтыр хуэзащ Германием и бэнакIуэ Энглик Мирко. Аслъэнбэм гъэ нэхъыщхьэ иIэщ - Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер кьиухащ.

Аслъэнбэч и анэ Татьянэ егъэджакIуэщ, щIалэ щыкIур ильэситу хьуа кьудейуэ и адэр пасэу дунейм ехыжащ. Шыпхъу нэхъыжьрэ кьуэш нэхъыщIэрэ иIэщ. Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ зыпхъу щыкIуэр - Салимэ - иIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Урысей Федерацэм и щыналъэ псор кьыдогушхуэ Аслъэнбэч! УщIалэфIщ, ухахуэщ! УкьызыхэкIа лъэпкъый, унагъуэм, зэрыщытту ди къэралышхуэм гуфIэгъуэу кьахуэпхьар Тхьэм пхуигъэбагъуэ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Увыпlэр	Командэр	Дыщэ	Дыжьын	Жэз	Псори зэхэту
1	Китай	21	7	5	33
2	США	10	9	14	33
3	Корее Ипщэ	6	7	2	15
4	Италие	6	4	3	13
5	Германие	6	2	3	11
6	Австралие	5	4	7	16
7	Японие	5	3	3	11
8	**Урысей Федерацэ**	**3**	**8**	**3**	**14**
9	Франджы	2	7	5	14
10	Великобритание	2	2	3	7

Дуней щIалхьыуэ

Жэуапым ирашэлIэн папщIэ

УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм и деж щыIэ Следствие комитетым УПК-м и «геноцид» статьямкIэ уголовнэ Іуэху кьиIэтащ куржыдзэм Осетие Ипщэм щылэжьащIыхьажьэм зэхуэхьуэжьэ.

Мы зэманым следователи 100-м нэблагъэм Цхинвали, республикэм и нэгъуэщI щыпIэхэми щызэхуэхьэс Тбилиси осетинхэр зэтеукIэным хуэгъэзауэ ильэжьа-хэм ехьэлIа тхьилъэр.

Комитетым и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Комиссаров Игорь зэрыжиIамкIэ, «геноцид» статьямкIэ ягъэкъуаншэхэр жэуапым ирашалIэ хъунущ, уеблэмэ ахэр нэгъуэщI къэралхэм я президенту щытми. Мы зэманым Іуэхухэр зэхэзыгъэкIэр йоупщIэкIуэкIуэдахэм я Іыхьлыхэм, гъунэгъуэм, уIэгъэ хъуахэм, куржыхэм ялэжьа хьэкIэжьхуэкIагъэр зи нэгу щIэкIахэм.

США-р къуаншэщ

Осетие Ипщэм и президент Кокойты Эдуард жиIащ щIынальэм къыщыхьуамкIэ Куржым хуэдэ дыдэу США-ри зэрыкъуаншэр.

Араш Тбилиси Іэщэщ Іэ дыдэхэмкIэ зэщIэзыуэздар, абы и зауэлIхэр зыгъэсар. США-м езым и сэбэп зыхэлъхэр щIынальэм щыпхигъэкIын мурадкIэ сыт щыгъуи Куржыр егъэгушхуэ, абы ищIэхэр хуегъэзадахэ.

Геноциду къалъытэ

Абхазым и парламентым ООН-м, ОБСЕ-м, нэгъуэщI дунейпсо зэгухьэныгъэхэм захуигъэзащ Куржым Осетие Ипщэм щыгъэхущIыхьахэр геноциду къыдалъытэну къыхуриджу.

Дуней псом ильэгъуащ абы лъэпкъ нэхъ машIэр зэтеукIэным хуэгъэзауэ илэжьа хьэкIэжьхуэкIагъэр, жаIэ абыхэм.

Украинэм ифI хэль?

Иужь зэманым Украинэм хуабжьу игъэткIиящ Урысейм къыхуиIэ щытыкIэр.

Ар ехьэлIащ Іэнатlэ псоми. Республикэм и президентымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ я пльапIэр зыхуэгъэзар тенджызэ фIыщIэ флотыращ. Дыгъуасэ къэралым и Радэ Нэхъыщхьэм зыщытепсэльыхьа Іуэхухэм ящыщщ а флотым екъэлIауэ Урысейм ия Украинэм зэрызэгурыIуахэм къаруямыIэжу къыщIегъэзднри. Ауэ Урысейр зыщигъэIеиным Украинэм ифI хэль? А упщIэм и жэуапыр псынщIэ дыдэу белджылы хьунущ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦ **Индие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ** - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1947).

♦ **Конго Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ** - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1960).

♦ Мы махуэм (1945) операторыр Хирохитэ жиIащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэта япон Квантун армэм Іэщэр зэригъэтIылъыр.

♦ ШыщхьэIум и 15 - 22-хэм Дамаск (Сирие) щекIуэкIынущ 55-нэ дунейпсо жармыкIэр.

♦ШыщхьэIум и 15 - 24-хэм Москва щекIуэкIынущ «Эквирос-2008» 10-нэ дунейпсо шы выставкэр.

♦ ИльэсиI 130-рэ и пэкIэ къальхуащ урыс совет тхакIуэ, лъэпкъкIэ адыгэ **Кьудащ Рае**(1878 - 1964). Абы кьытрыригъэдзащ сабийм ия пащIэ зэрыдгъэщIэ щIыкIуу, усэу, рассказу 200-м нэс. 1903 гъэм и ильэсыщIэр кьэблэгъауэ итхащ макъамэ зыщIалъхьа «Мэзым псей щIыкIу кьыщыкIащ» уэрэдым и псалъэхэр.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъ 11-м, кьучьжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 12-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ зы дакъикъэр.**

ИТАР-ТАСС-м и къэгъэлъэгъуэр ЩIалэгъуэм и фIыгъэкIэ.

Щалъхъуныгъэ

Бдзэжьейр псы къудейкIэ ирикъуэ, бдзэкъунтх фIэхуэнтэкъым.

ШахматымкIэ дунейпсо зэпеуэм и интернет-сайтыр мэлажьэ

Шахмат джэгум дихьэхэхэмрэ а спорт лIэужьыгъуэр зи Іэщ Іагъэхэмрэ, щэч хэмылъу, егъэпейтей щыщхьэIум и 28-м щегъэжьауэ фокIадэм и 18 пщIондэ Налшык щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым пыщIа упщIэ зэмыльэужьыгъуэ куэдым.

А ЛУЭХУГЪУЭЩIХУЭМ пэпльэ республикэм зэрызигъэхьэзырым теухуа хьыбар псори зрагъэщIэну зыфIэгъэщIэгъуэнхэм иджы Іэмал яIэщ - чемпионатым и интернет сайт къызэрагъэпэщащ: **nalchik2008.fide.com**

Сайтым и «напэкIуэц!» нэхъыщхьэм итщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Шахматымкlэ Урысейпсо федерацэм и президент Жуков Александр, УФ-м спортымкIэ, туризмэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министр Мутко Виталий, Къалмыкъ Республикэм и президент, ФИДЕ-м и Іэтащхьэ Илюмжинов Кирсан, КъБР-м и Президент, чемпионатым и къызэгъэпэщакIуэ гупым и пашэ Къанокъуэ Арсён сымэ я фIыгъэ псалъэхэр. Абдеж апхуэдэу къыщыгъэльэгъуащ иджырей дунейпсо чемпионатым хэтыну бзыльхугъэхэм я цIэ-унэцIэхэр (мыгувэу иратехэнущ абыхэм я гъащIэмрэ спорт екъулIэныгъэхэмрэ теуха тхыгъэ иIэщIхэмрэ я суратхэмрэ), щыхубзхэр шахмат джэгукIэкIэ зэпеуэным къикIуа тхыдэр, н.къ.

«Спосорхэр» раздельм итщ чемпионатыр къызэгъэпэщыным мыпкъукIэ зыщIэзыгъакъуэ фирмэхэм я щIэхэр, генеральнэ спонсору къэува «Синдика» холдинг компанием теухуа хьыбар кIэщI.

ШахматымкIэ дунейпсо чемпионатым и сайтым напэкIуэщI щхьэхуэ щыхухахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы и къащхьэ Налшык и щыпIэ дахэхэр кьызэрыщ сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ, хьэуа, гъущI гуэрыр и Іэтащхьэ щызекIуэ сыхьэт бжьыгъэхэр, хьэщIэщхэм ятеухуа хьыбарегъащIэхэр. Апхуэдэу сайтым хагъэувэну ягъэхьэзыр дакъикъи 8-м кьриубыдэу ди республикэм теухуа видеофильм.

ШыщхьэIум и 28-м щегъэжьауэ фокIадэм и 18 пщIондэ сайтым игъэлэжьэнущ чемпионатым кьритыкI эфир зэIуха, шахмат пхъбгъэм щыгъэпщIэнущ зэхэзыгъэхэм- я джэгукIэм кьрикIуэ хьыбарыщIэ псори сайтым и напэкIуэщI нэхъыщхьэм кьигъэлъэгъуэнущ.

Сайтым апхуэдэу итщ хьыбарегъащIэ Іэнатlэхэм я лэжьакIуэхэу чемпионатым и лэжьакIыгъэм кIэлъыплъыну хуейхэм хуитыныгъэ (аккредитацэ) кьызэрырат, абыкIэ лъэIу тхыльыр зэратх щыкIэр.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Хьэтуей къуажэм шышхэIум и 3-м щекIуекIа зэхуэсым, Хьэщ1эл1 гъэпкым и лIыкIуэ хэр зыхэтам, кърагъбзэгъат а унэмIэр зезыхьэ унагъуэхэм ящыщу щыхун 100-м нэблагъэ. Гухэхъуэт абыхэм уахэплъэну: апхуэдизу зэпIуу гуфIэгъэу Iуэхукlэ Хьэщ1эл1хэ зэрихьэлIа-тэкIым зэ закъуэ фIэкIа. Арм кьышхьуар ильэс 30 и пэкIэт.

ПЭУБЛЭ псалъэр ират зэIущIэм кърагъблэгъахэм я нэхъыжьым, Жэбагыс. Ар ИохъуэхIу и Iыхьлы-щIалэхьщIэхэм - зэхуэсыр яхуэмахуэну, фIыгъуэ кьахудэкIуэну икIи я адзэжьэм кьадэгъуэгурыкIуэу щыта хабзэбзыпхъэхэр кьэJэтыжьымэ я псалъэмакъыр нэхъ трагъащIэмэ, зэрыфIэкъабыIри ягурегъаIуэ.

ЗэIущIэр иригъэжьIуэну и пщэ ираугъхьэ 80 - 90 гъэхэм предприятэ унафэщIу, Къэбардей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта ХьэщIэлI Мурзэин.

- Ди зэхуэсым и кьалэнхэр зыб жанэ мэхъу, - жиIащ абы. - Псом ящрэуэ, дыхьэгупсысын, зи ужь дитын хуейр ди щIэблэр гъуэгу тэмэм тегъэувэнырщ, ди тхыдэм щыигъуазэу, хабзэр ящIэу, я анэдэлъхубзэр яфIэмыкIуэду къэгъэтэджэнырщ. КъимыдэкIэ, лъэпкъыр нэхъри дызэкъуэувэн хуейщ гуфIэгъуэми гъэзэгъуэми дызэрыщIэу, дызэкIэлъыкIуэу. ХьэщIэлI лъэпкъыр интэчищэ Iэджэкlэ псэун, адыгэм и кьудамэ зэщIыщытыныр и гъабжьэр гъэтIылъын папщIэ, дэ, балигъхэм, щхьэж тхуэзфIэкIыр дымылэжьу хъунукъым.

АдыкIэ МурзэинпсалъэиретХьэщIэлIхэ и тхыдэр джыжьыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыгъэкIа и шынэхъыщIэ Хьэритон. Ар ильэс зыбжанэкIэ дэфтэр хъумэлIэ хэм щыIэжьащ, ХьэщIэлIхэ щыIэныкъуэ. Хьэщ1эл1 лъэпкъыр интэчищэ Iэджэкlэ псэун, адыгэм и кьудамэ зэщIыщытыныр и гъабжьэр гъэтIылъын папщIэ, дэ, балигъхэм, щхьэж тхуэзфIэкIыр дымылэжьу хъунукъым.

АдыкIэ МурзэинпсалъэиретХьэщIэлIхэ и тхыдэр джыжьыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыгъэкIа и шынэхъыщIэ Хьэритон. Ар ильэс зыбжанэкIэ дэфтэр хъумэлIэ хэм щыIэжьащ, Хьэщ1эл1 лъэпкъыр интэчищэ Iэджэкlэ псэун, адыгэм и кьудамэ зэщIыщытыныр и гъабжьэр гъэтIылъын папщIэ, дэ, балигъхэм, щхьэж тхуэзфIэкIыр дымылэжьу хъунукъым.

Адыгэ алыфбейр егъэфIэкIыапхъэу Балъэм зэритхыр заухуагъэщ икIи губзыгъагъэщ, ауэ нэхъ зи гугъу щыIэхэр адыгэ пэжыыбтхэм и хабзэхэм яящщ кудэр хьуэжьи, егъэфIэкIуэн зэрыхуейрщ: адыгэбзэ урокхэм хухах сыхьхэт бжыгъэр зэрымащIэрщ, учебнэ планхэр хьуэжьапхъэу зэрящытырщ; тхылъыщIэхэр гъэхьэзырыным ми псорИ, нэгъуэщI зыгуэрхэри пэщI зэрыхуэщIыпхъэрщ; Iэмал имыIэу ахэр гупсэхуу икIи кьызыкуэтынщэу зэрыгъэззащIапхъэрщ.

Тхыгъэм зи гугъу щытща псорИ мытэмэми, абы уэзгупсыс хьун Iуэху зыбжанэ кьыщIэтащ, ахэр гулыытэнщэу кьэгъэнэн хуейкым. И чэзу хуэдэ ешы мыщэр Iупщу тлъагъурэ пэт, абы и лъэужьыр кьэлъыхуэнрэ кьэдгъэнэщ.

Тхыгъэм зи гугъу щытща псорИ мытэмэми, абы уэзгупсыс хьун Iуэху зыбжанэ кьыщIэтащ, ахэр гулыытэнщэу кьэгъэнэн хуейкым. И чэзу хуэдэ ешы мыщэр Iупщу тлъагъурэ пэт, абы и лъэужьыр кьэлъыхуэнрэ кьэдгъэнэщ.

ЕРЖЫБ Асльэн.

● Лъэпкъ зэхьхьэ

Я пщIэдейм трагъащIэ

зезыхьэу хъуам я щIэхэр тхылъымпIэм иритащ, щхьэж кьызытехьуIа кьудамэр яубзыхури, я лъэпкъ жыгым и тепIъэр компьютеркIэ ягъэзбгъэуэжри, кьызэжуасхэм хуагъэщащ.

ХьэщIэлIхэ зэкъуэшипIлхъуэ - Хьэсин, Уэсмэн, Инус, Нэгъуэй сымэ, я зы щыпхъу я щыгъуу, 1795 гъэм Къэбардейм къэIэпхъуащ Адыгеим кьиКIри. ИкIи, тхыдэм къызэрыщыжьымкIэ, зэпIэхэри абыхэм я щIэблэри гъащIэм и уэрыпIэм хэту къэгъуэгурыкIуащ фIыкIэ мыхьумэ, IейкIэ и щIэ кърамыIуэу.

А лъэпкъым кьахэкIащ ХьэщIэлIхэ я пщIэр зыIэтэ, кьуажэм, районым, республикэм фIыуэ къыщацыхуу щыта, цыхубэм, кьэралым псэемыблэжьу хуэлэжьа куэд. Абыхэм ящыщщ революцIэ нэужьым Хьэтуей къыщыэгъагъэпэща ревкомым и апэ тхьэмадзу хаха, нужькIэ кьуажэ Советым и унафэщIу гъэкIа Жамбот, парт ячейкэм и секретарь кьалэныр апэу зи пщэ ирагъэхьа, нужькIэ колхоз Iэтащ1ыхэу хаха Хьэтlохъущыкъуэ, кьуажэ Советым и тхьэмадзу щытахэу Дал, Хьэмзэт, партым и райкомым и секретару Дзэлыкъуэ, Лэскэн щIыналъэхэм щыта Пэфар сымэ. Псом хуэмыдэу ХьэщIэлIхэ я щIэр ину иIэтащ Мухьэмэд, Зауэ зэманым кьыхьатхэмэхуэ дзэ гупышхэм и комиссару, партым и Тэрч райюмым и апэ секретару, нужькIэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру щытащ ар. ПщIэшхуэ, фIэлIыкI иIэу дунейм тетащ. Хэкъуэ гурэ псэкIэ хуэлэжьным теухуа абы и гъащIэр щапхъэ гущыыгъэжащ щIэблэм дежкIэ...

Хьэритон зэригъэпэща

● Прохладнэ куей

Башорэхэ я жэрдэм

Республикэм и дэтхэнэ зы жылагъэри егъэпIейтей кхъэхэмрэ абыхэм екIуалIэ гъэгугъхэмрэ я щытыкIэм. Прохладнэ куейм хьихь Къэрэчэщ кьуажэм щыпсэу хъэрычэтыщIэхэу Башорэ зэкъуэшхэм мы Iуэхум теухуауэ куэдым щапхъэ зытрахьихьэ гульытэ кьакьуэжIащ.

КХЪЭХЭМ ящыщ зыр кьуажэкъум хуэзэ пэтми, абы гъэзгу тэмэм зэремыкIуалIэм щIыхухэр ямылейуэ гугъу иригъэхьырт. Зэкъуэшхэм я фIыщIэкIэ ящIащ асфальт зытеть гъэзгу бгъуфIэ. Лъэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ адрей кьуажэ кхьитIми. Прохладнэ, Май куейхэм я ранс-Iимам Нэгъуей Хьэсэнбий ящIэжыркъым ильэс куэд льапIэр я кьуажэдэсхэм апхуэдизу Iуэху зэдащIауэ. Башорэ зэкъуэшхэм кьрахьэжьа мы Iуэхум жыджэру хэтащ ныбжь зиIэхэри щIалэргъуалэри. Къэбардей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ кьуажэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я мылькукIэ Къэрэгъэщ кьуажэм мэжджытыщIэ щаухуэ. Ар нэщI мазэ лъапIэм ирихьэлIэу кьызэIуахыну я мурадц.

ЛЪОСТЭНМуэз.

● Джэрпэджэж

Тхыгъэм зи гугъу щыщIа псомкIи сымыарэзыми...

Мазэ зыбжанэ и пэкIэ, накьыгъэм и 1-м (2008 гъэз) кьыдэкIа «Газет а Юга-м и тетащ Балъ Беслъэн и тхыгъэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым зэрыщрагъэджым теухуар. Ар зыкъомкIэ зэлэмэти гъэщIэгъуэни кьыс-щыхуащ, щIалэм и гурыгъуу-гурыщIэхэмрэ я гупсысэ кьэIуэтэкIымрэ сигу ирихащ. Зэрыщыгъу кьапщтэмэ, тхыгъэм арэзы утехьуэ хьунущ. Абы Iуэхугъуэ щхьэпэхэр кьыщыуташ, ауэ зытепсэльыхьым фIыуэ зэрыщымыгъуэзэм кьыхэкIкIэ, тхыгъэр зейм щыуагъэ гуэрхэр Iэщ1экIащи, мис абыхэм кI1эщ дыдэу я гугъу тщIынщ.

«АШЭМЭЗ И ПШЫНАЛЪЭР» е «Батэрэз и пшынальэр» 6-нэ классым щIэс еджакIуэхэм я ныбжьым кьемызэгъыу жеIэ Балэм, ауэ ар тэмэму кьэпльыпIэ хьунукъым.

Ящрэуэ, а пшынальэхэр мы классым щаджьпхьэу кьальытащ программнэ комиссиэм хэта цыхуу гупшысхэм, рецензентхэм, программэщIэхэм тепсэльыхьа псомИ: егъэджакIуэхэми, методистхэми, щIэныгъэлIэхэми, егъэджакIыгъэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIа цыхухэми. ЕтIуанэрэуэ, я пшынальэхэр мы классым щаджьпхьэу кьальытащ программнэ комиссиэм хэта цыхуу гупшысхэм, рецензентхэм, программэщIэхэм тепсэльыхьа псомИ: егъэджакIуэхэми, методистхэми, щIэныгъэлIэхэми, егъэджакIыгъэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIа цыхухэми. ЕтIуанэрэуэ, я пшынальэхэр адыгэ э Iуэрыпуэтэм и фIыпIэу, нэхъыфI дыдэхэм ящыщу зэрыщытыным. Абы зыимы щэч кьыщыгрихьэн щыIэкъым. Ещанэрауэ, школым щадж Iуэрыпуэтэм щыщ тхыгъэ псори проэзу щыт хъунукъым, атIэ абыхэм ящыщ зыбжанэр усэу гъэпсауэ щытын хуейщ. ЕплIанэрауэ, еджакIуэхэр хуэмэ-хуэмурэ зэрыщыщIэ щIыпхъэщ литературэмрэ Iуэрыпуэтэмрэ я лIэужьыгъуэ псоми: усыгъэми, проэзми, драматургиеми, род, вид, жанр жыхуэтIэхэми, литературэм и теорием щыщ пкъыгъуэхэми, кьинэмыщI хуэIуэхуэщIэхэми. Ди жагъуэ зэрыхъэщи, Балэм тэмэму кьыгурыIуэркъым литературэм и теорием еджакIуэхэм фIыуэ ящIэным и мыхьэнэм и инагъыр, ар ныбжьыщIэхэм ягъуэт литературэ щIэныгъэм лъабжьэ быдэ зэрыхуэхьар, ар абы и джэлсэу зэрыувыр.

«КIуащ БетIал и тхыгъэхэр зэбгъэпэщн щымыIэу фIыщ, ауэ ахэр пэщIэдзэ классхэм щебгъэджан тхыгъэхьым», - етх Балэ Беслъэн. ЕтIуанэрэ, КIуащым и1эщ пэщIэдзэ классхэм щебгъэджа хъуну тхыгъэхэри (епль пэщIэдзэ классхэм я программэхэм). ЕтIуанэрауэ, КIуащым и тхыгъэхэм щыщхэр нэхъыбэу щаджьр 5-11-нэ классхэрщ. Ар программэхэм IупщIу кьыхуощ. ЕщанэрауэI, ахэр апхуэдизу щытхыгъэфIкIэ, абыхэм еджакIуэхэм гущыкI хуащIын хуейкъым, БетIал и тхыгъэхэм егъэщIыпIауэ Балэм итхар Iуэхум щыщкъым, зыкIи кьеэзгъыркъым, уеблэмэ емыкIуц. И тхыгъэм хуищIа псальащхьэри, сфIэтэмэмкъым.

КлассщIэб еджэныгъэм теуауэу Балэм программэхэм яхунщI «дагъуэр» езым кьыззрыгурымыIуэрщ кьызыхэкIар. Я1эрауэ, школ программэхэм гъэззащIапхъэ кьалэнхэр яубзыхуу аращ, а кьалэнхэр гьэззащIа зэрыхьуну щыкIэм и кьызззгъэщIапхъэ тхылъхэр 2-8-нэ классхэм папщIэ кьыхуда-гьэкIащи, аэр Iэкlуэльакlуэу кьэгъэсэбэпыпхъэщ. Мы тхылъхэр кьызэрыщIэкIрэ куэд щащи, щымыIэжьыкIи хьунущ. Абы щыгъуэ аэр кьыщIэгрихьэн щыIэкъым.

Адыгэ алыфбейр егъэфIэкIыапхъэу Балэм зэритхыр заухуагъэщ икIи губзыгъагъэщ, ауэ нэхъ зи гугъу щыпхъэр адыгэ пэжыыбтхэм и хабзэхэм яящщ кудэр хьуэжьи, егъэфIэкIуэн зэрыхуейрщ: адыгэбзэ урокхэм хухах сыхьхэт бжыгъэр зэрымащIэрщ, учебнэ планхэр хьуэжьапхъэу зэрящытырщ; тхылъыщIэхэр гъэхьэзырыным ми псорИ, нэгъуэщI зыгуэрхэри пэщI зэрыхуэщIыпхъэрщ; Iэмал имыIэу ахэр гупсэхуу икIи кьызыкуэтынщэу зэрыгъэззащIапхъэрщ.

Тхыгъэм зи гугъу щытща псорИ мытэмэми, абы уэзгупсыс хьун Iуэху зыбжанэ кьыщIэтащ, ахэр гулыытэнщэу кьэгъэнэн хуейкъым. И чэзу хуэдэ ешы мыщэр Iупщу тлъагъурэ пэт, абы и лъэужьыр кьэлъыхуэнрэ кьэдгъэнэщ.

ЕРЖЫБ Асльэн.

Я пщIэдейм трагъащIэ

ХьэщIэлIхэ зэкъуэшипIлхъуэ - Хьэсин, Уэсмэн, Инус, Нэгъуей сымэ, я зы щыпхъу я щыгъуу, 1795 гъэм Къэбардейм къэIэпхъуащ Адыгеим кьиКIри. ИкIи, тхыдэм къызэрыщыжьымкIэ, зэпIэхэри абыхэм я щIэблэри гъащIэм и уэрыпIэм хэту къэгъуэгурыкIуащ фIыкIэ мыхьумэ, IейкIэ и щIэ кърамыIуэу.

А лъэпкъым кьахэкIащ ХьэщIэлIхэ я пщIэр зыIэтэ, кьуажэм, районым, республикэм фIыуэ къыщацыхуу щыта, цыхубэм, кьэралым псэемыблэжьу хуэлэжьа куэд. Абыхэм ящыщщ революцIэ нэужьым Хьэтуей къыщыэгъагъэпэща ревкомым и апэ тхьэмадзу хаха, нужькIэ кьуажэ Советым и унафэщIу гъэкIа Жамбот, парт ячейкэм и секретарь кьалэныр апэу зи пщэ ирагъэхьа, нужькIэ колхоз Iэтащ1ыхэу хаха Хьэтlохъущыкъуэ, кьуажэ Советым и тхьэмадзу щытахэу Дал, Хьэмзэт, партым и райкомым и секретару Дзэлыкъуэ, Лэскэн щIыналъэхэм щыта Пэфар сымэ. Псом хуэмыдэу ХьэщIэлIхэ я щIэр ину иIэтащ Мухьэмэд. Зауэ зэманым кьыхьатхэмэхуэ дзэ гупышхэм и комиссару, партым и Тэрч райюмым и апэ секретару, нужькIэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру щытащ ар. ПщIэшхуэ, фIэлIыкI иIэу дунейм тетащ. Хэкъуэ гурэ псэкIэ хуэлэжьным теухуа абы и гъащIэр щапхъэ гущыыгъэжащ щIэблэм дежкIэ...

Хьэритон зэригъэпэща

● Щикъуэхъащ адыгэр дунеижьым

Сурэтым: (сэмэгумкIэ екIуэкIыу) **Къардэн Асым**, **НатIэбжьэ Зэчий**, **Къущхьэ Орхьэн сымэ «Адыгэ псалъэм» щохьэщIэ.** *Сурэтыр* **ЕлЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

Хъыбару зэхэтхахэм дыкъагъэпщIакъым

Евгьаджэ сабийхэм адыгэ куэд яхэт?

- Тырку кьэрал, кьалэ щыхьэкIэ тырку сабийхэр нэхъыбэщ, кьэралыгъуэ еджапIэм и дежи мыр адыгэщ е мыр тыркущ кьыIэ зэхуэдэ тщIы хъурхъым, псори зэредгъаджэр тырку бзэщ, ди зэредгъаджэ аращ...

- Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ адыгэ сабийхэр щхьэхуэу зэвбубыдыIэрэ? Гупытэ нэхъыбэ яхуэфщIыфрэ? Дерс нэхъыхэм гупжьейхэр зэхуэфщэсыну, зыгъэрхэм хуэвгъэсэну фыхунэсрэ?

Къущхьэ Орхьэн:- Хьэуэ, апхуэдэ Iэмали хуитныыгъи диIэкъым. Ди классым зы адыгэ сабий щIэси-щIымыси. Иджы, псалъэм папщIэ, Эскимшехэр кьалэм цыхуу зы мелуан дэсмэ, адыгэгу зыхуэкIа 1200-рэ хъуну аращи, абыхэм сабийуэ яIэри мащIэщ, еджапIэм кьакIуэ ныбжьыщIэхэри куэд хъурхъым. Ди лIэпхъым ящIущ сабий дыщцIалажэ школхэм кьекIуалIэу нэIуасэ кьыщцIэтхъухькIэ, апхуэдэ жьыщIэщхэм нэхъ нэ лейкIэ дызэрелпIэным, зэхущIыкIэпхэр зэредгъэлъагъэным дыхэтщ, дерс зэблэкIыгъуэхэм зэхуэдэ дакьикъхэм зэхудошэс, допсалъэ, зэрядыгэр идогъэщIыхэуж, яIэу кьызэрыщIэуушыным дыпылъщ. Ауэ ди щхьэри дызэхэзыххэри кьэдмыгъэпщIэжу, пэжыр жьтIэжу, иджырей хэхэс щIэблэм адыгэбзэр ящIэркъым. Сэ егъэджакIуэу сызэрылажьэ илъэси 10-м абы адыгэбзэ зоримыщIэм щIэкъыми, зы адыгэ сабий анэдэлъхубзэ уэр-сэру ищIэу срихьэлIакъым. Ар гущIыхьэ ящIэпмэ, гущIыхьэщ! Ауэ абы и щхьэуспэ гъуэхэм ящыщ зыуэ сэ кIэхэзолъытэ интернационал унагъуэхэр зэрынэхьыбэр. Псалъэм папщIэ, сэ сыщылажьэ Эскимшехир кьалэм дэс адыгэхэр зэхэкIутащ: кьэбзэрей кьужакIэ, абаза кьуажакIэ, щIапсыгъ, абазэхэ жьылэхэри абыхэм яхэпхъащ. АтIэ, кьэбзэрдейм абаза кьеыз, е абазэм хьэтыкъуей щхьэгъэхуэса хуохьэри, уигъуэм исэр тырку бзэкIэ зэпсэлъэн хуей мэхъу, кьащIэхъуэ сабийм зэхих бзэр ІурІылъу кьотэн.

Къардэн Асым: - Кьайсэр кьалэм къэбзэрдейхэр щы-нэхъыбэщ, щыIэзэрыIыгъщи, анэдэлъхубзэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм я Iуэхур куэдкIэ нэхъыфIщ. Абы щыIэзэгъуэ, кьэбзэрдейхэм я гурыIуэгъуэ псори дахэщ, ди лъэпкъэгъу хэкурыскэри гуапэу кьэтIущIащ, нэхьапэм сыкьыщыщыкIуэм изолъытри, щIыхуэхэри нэхъ нэфIэгъфIэщ, уэрамхэм адыгэбзэр нэхъыбэрэ щIэзэхэпх хуэщ, тыкуэнми, хьэщIэщIми, нэгъуэщI Iуэхуащ1апIэ гуэр ущIыхьами, адыгэбзэкIэ кьэпсэльэнрэ Iуэхутхьабзэ кьэпхуэзэщ Iуэхутхьабзэ кьэпхуэзэ - дыкъыIэзэрыкIуэ кьэхъхьэ-льатэр кьэтIыса нэужь, гъунапкъэ кьыдэкIыпIэм ди тхыпIхэр щIапщытыкIыу сыхьэтипплым кьэблагъэкIа дызэрагъэгъаращ. Дэ кьыдгурогIуэ кьэхуэрп, лъабгъу